

REGLEMAN LEKOL UNIONDALE SOU BYENNET FIZIK AT NITRISYON

PREYAMBIL:

Nou kwè ké tout timoun bezwen bon manjé ak opotinité pou yo aktif fizikman , pou yo kap grandi, devlopé é byen pwofité nan lavi yo.

Nou kwè tou que yon élèv ki an bon santé ap vin lékol chak jou é pi tou lap aprann pi byen.

Nou konstaté ké pousantaj moun ki two gwo doublé pami ti moun et mim triplé pami jen moun you (adolesan)pendan de dènye dizèn ané ki sot pasé yo. Nou konstaté tou ké mank aktivité fizik ak konsomasyon ampil kalori sé koz pwoblem obèz (two gwo).

Nou konin ké maladi kè, kansè, konjesyon sérébral ak dyabèt touyè 2 sou chak twa moun ki mouri nan pèyi Etazini. Sa ki koze maladi sila you sè lè yon moun pran mové abitud manjè ki pa bon pou yo ou byen néglijé fè exècis dépi yo piti.

33% élèv lékol ségondè pa patisipé sifizaman nan aktivité fizik é 72% la dan you pas patisipé nan klas édikasyon fizik chak jou (pa fè spó)

Lè nou gadé kalité produi ké yo vann nan machin lékol yo òbyen nan magazin lékol yo anpil nan manjé ak bwason sa yo gin on ba pousantaj nitrisyon la dan yo : tankou soda, bwason pou bwè lè wap fè spo, ji ki imité gou fwi, pomdetè fri, sired , bonbon ak gato. Manjé yo pa gin anpil nitrisyon la dan yo.

Tou patou na péyi ya, lékol yo pa gin anpil lajen nan min yo ni anpil tan devan yo ; Se pou sa ké li esansyel pou kominoté yo patisipé nan devlopman ak aplikasyon règleman pou garanti siksè pwogram sou règleman santé sila.

Sé pou sa ké Distri Uniondale pran on engajemen pou li founi yon anviwonman kap pwotégé santé timoun nan lékol yo , byennet ak kapasité pou apran lékol , sipoté yo nan sa yap manjé é enkourajé yo nan aktivité fizik. Sa sé politik ké nou adopté nan Distri Uniondale

- Lékol la ap angajé tout élèv, paren, pwofesè, pwofesyonel nan sèvis manjé, pwofesyonel nan sevis santé ak tout lot moun nan kominoté ya ki intérése nan dévlopman , égzekiyon , kontwól ak tout chanjman ki ap fèt nan Distri ya konsènan nitrisyon ak akitivité fizik.
- Tout élèv qui nan klas k-12 ap gin opótinité , sipó , ankourajmen pou yo kap rété aktif régilyemen.
- Manjé ak bwason yo vann oswa yo sèvi nan lékol yo ap safisfè règléman nitrisyon ké Amerikan siposè suiv nan manjé yo.
- Pwofésyonel kalifiè nan domén nitrisyon ti moun ap pèmèt ké ti moun nou gin manjé nan pri ki abódab, nourisan , ki ap satisfè bezwen santé ti moun yo ; kap akomodé diferan gwoup etnik ak kiltirèl nan planifikasyon manjé yo. Nou ap ofri yon anvironman kip pwop, san danjé, bel ak tout tan élèv la bezwen pou li manjè.

- Entan ké posib tou lékol nan distri a ap patisipé nan pwogram sila ké fédéral govènemen payé pou li (nan pwogram sila nou gin Pwogram bay ti moun manjé le matin , a midi é bay yo on ti gouté aprè lékol. Gin yon pwogram an été ki ap bay ti moun fwi ak légim ak yon pwogram pou gran moun ki la dan soupé le swa tou
- Lékol la ap fè édikasyon sou nitrisyon ak édikation fizik pou dévlopé bon abitud la kay yo nan sa yap manjé étou pou yo pran abitud fè éxeris chak jou . Avèk sa , ya fè rapò ki gen nan manjé byen (pwogwan manje lekol la) é lot sèvis kominoté yo.

POU NOU KAPAB REALIZE OBJEKTIF SA YO :

I NOU BEZWEN KONSEY SOU SANTE AK BEYENNET

Distri ak chak lékól yo pral kréyé, ranfosé oswa kontinyé travay ak konsey santé ak byennet nan lékól yo pou dévlopé, apliké, kontwolé , révisé jan sa dwa kozé nitrisyon nan lékól ansam ak règléman sou aktivité fizik. Konsey say o pral sèvi tou kóm resous nan lékól yo pou yo ka mété an aplikasyon règléman sa yo. (Konsey santé ak byennet yo ap genyen on gwoup moun ki réprésenté lékól yo ansam ak kominoté ; sla vlé di ap genyen paran , élèv ak moun ki réprésenté lékól la nan zafè manjé , memb komisyon konsey lékól la : Administratè pwofèsè. Pwofésyonel nan zafè santé ansam tou ak lot memb piblik la.

II KI JEN DE NUTRISYON KI GIN NAN MANJE AK BWASON YA VANN AK BAY NAN LEKOL YO

Komisyon konsey lékól la rékonnet ké yon nitrisyon byen balansé , yon rejim alimentè ki rich avèk vale manjé ké yon élèv manjé chak jou trè impotant nan lavi élèv sa. Pou nou kapab édé élèv yo nan konansans ak chwa nan manjé kap bon pou lavi yo, Distri ya bay asirans kétout manjé ak bwason kap gin nan lékól yo sé manjé ki bon pou la santé, ki byen balancé é pi tou ki nan yon kantité ki pa trop pou nou manjé. Distri a tou fè nou konin ké manjé yo ap répon ak règléman pwogram nitrisyon ké federal gouvènemen mandé. .

MANJE NAN LEKOL (kantin)

Gin yon pwogram nasyonal ki étabi pou bay ti moun manjé matin ak midi nan lékól yo :

- Manjé ké yap bay yo ap byen prezantéet pi tout ti moun yo ap rimin yo
- Manjé yo ap sèvi nan plat ki pwop è ki fè plèzi nan jé
- Nouriti a siposé geneyn on minimum de vitamin ki répon ak règléman ké léta local, nasyonal ak fédéral govenmen ezgisé;
- Yo tou siposé bay ti moun diféren kalité fwi ak légim chak jou
- You tou siposé ofri manjé ki pa gin anpil grès (1%) ak lèt san grès nèt épi tou sé pou yo bay ti moun chwa nan lot pwodui létyé selon jan dépatman agrikilti Etazini mandé li
- Sitou asiré ké mwatyé nan gren ki nan manjé yo sé gren antyé (tout bon/net))
- Lékol yo dwé engajé élèv ak paran you nan tès pou gouté manjé yo, fè sondaj nan manjé ké yap vann nan pwogram manjé nan lékól défason pou yo kapab identifyé nouvo manjé ki bon pou la santé épi tou ki fè plèzi nan jé. Anplis tou lékol lo dwé patajé infomasyon

sou nitrisyon ki nan répa y o ak élèv yo é paran yo tou . Yo kapab fè infomasyon sa yo parèt nan meni (lis manjé), sou intènet, nan tablo koté yo ékri manjé ya nan kafétérya lékol ya pancat ak tout lot koté moun ka wé yo lè yap achté manjé.

•

DEJENE

Pou asiré ké tout ti moun manjé matin, lakay ou byen nan lékol yo pou nou kap satisfè bezwen nitrisyonel yo é amelyoré kapasité pou yo apran lékol:

- Lékol yo ap mété sou plas on pwogram ki pou bay ti moun déjéné chak matin.
- Lékol yo ap fè posib you pou yo chanjé horè bis ti moun pou kap pèmèt yo patisipé nan pwogram déjéné sa, Pwogram sa gin la dan tout posibilité pou you bay élèv manjé en dedan klas la , élèv la kap pwam manjel épi alé avèk li ou byen vinn manjé pendan rékreasyon.
- Lékol ki gen pwogram sèvi déjéné ap voyé avi bay paren yo pou avèti yo de existan pwogram sila
- Lékol yo ap ankourajé paren yo pou yo bay ti moun yo on bon déjéné le matin nan bilten nouvel ak jounal ké yap voyé lakay avek ti moun épi tout ak tout lot gen yo kapab.

MANJE GRATIS OU BYEN A YON PRI KI PI PITI

Lékol yap fè tout sa yo kapab pou kè pèsan pa konin ki ti moun k ap gen manjé gratis ak lot kap péyé on ti kob tout piti. Sé yon jan pou yo éliminé tout pwoblem ki ka kozé on stigma (sikatriis emotyonel) pou élèv yo. Nan ribrik sa , lèkol yo kap itilizè aparey èlèktronik pou yo konin ki jan élèv la ap péyé pou manjé ya : Yap kapab bay ti moun yo manjé gratis san yo pa gadé su lajen paren yo fè, mété manjé nan lékol yo pou tout ti moun é pi tou yo kapab fè li nan yon jan koté ti moun lan kab pran manjé y a épi alé ak li ou byen tou yo kab potè li bay yo nan klas yo.

PWOGAM BAY MANJE NAN PANDAN GRAN VAKANS YO

Si yon lékol gin minimòm mwayé ti moun ki kalifyé pou yo jwen manjé gratis ou byen mwayé pri , lékol sila pral patwoné on “Pwogram bay manjé pandan gran vakans été yo pou o mouin sis sémèn konsa. Pwogram sa ap komansé ant dènyé jou lékol la en Jwen é lap kontinyé jiska prémyé jou lékol la en Septemb . Pwogram lan kab dirè pendan tout vakans la. Yap ofri ti moun yo manjé ké kamion ap vin potè nan tout pak kominotè

KI LE YA BAY MANJE SA YO NAN LEKOL YO

- Pendan ké yap fè distribityon manjé yo , lékol yo pa dwé bay léson patikilyè , fè reinyon pou klib ou byen lot oganizatyon ak okin lot aktivité a mwens ké yap pèmèt ti moun manjé nan period sila.
- Lékol yo dwé bay manjé nan lè ki ap bon pou tout ti moun .

- Lékol yo dwé bay ti moun mwoyen pou yo lavé men yo avek dlo ou byen alkol avan ké yo manjé répa owsa ti gouté ya.
- Yo dwé tou pran dè mézi rézonab pou fasilité ti moun ki oblijé bwosé den yo lé yo fin manjé pou yo kab gin koté pou yo fè li , pou yo pa riskè gin den gaté ou byen movèz odè nan bouch yo.

KI KALIFIKASYON ANPLWAYE KAP VIN SEVI MANJE NAN LEKOL YO:

Lékol yo ap amplwoyé pwofesyonel ki kalifé pou administré pwogram sila. Sé responsablité Distri pou li fè pwogram lan maché donk, la kontinyé ofri moun yo kou sou nitrisyon pou yo kapab toujou kontinyé apran plis sou zafé nitrisyon. Yap enkourajé amplwoyé pou yo pran lisans nan domén sila ou byen tou enrejistré nan lot branch tankou: Direktè nitrisyon pou ti moun. Administratè nan zafè manjé nan lékol ; amplwoyé nan kafétérya ,tou dépen dé jan yo ankré nan travay yap fè ya.

PATAJE MANJE AK BWASON

Lèkol ya dwè dékourajé élèv nan patajé manjé ké yap manjé avèk bwason ké yap bwè avèk lot élèv pendan répa ak gouté. Gin anpli inkyetid sou bagay sa nan lékol yo paskégin ti moun ki fè aléji ak on séri dé manjé epi tou chak élèv gin zafè pa yo pou yo manjé.

MANJE AK BWASON KE YO VAN A PA NAN LEKOL LA (PA EXAMP MANJE KE LOT MOUN VINVAN KE LEKOL PAP TOUCHE POU LI TANKOU MANJE KE YAP VAN NAN MACHINE, GOUTE KE YO VAN NA KAFETERIA LEKOL YO OU BYEN AVEK MOUN KAP VAN MANJE POU YO FE YON TI KOB (KOLEKTE FON) MAGAZEN LEKOL LO ETC.)

LEKOL TI MOUN PITI (Primè)

Pwogram Manjé nan sèvis lékol la ap apwouvé , épi tou yap responsab vann tout manjé nan lékol primè . Kóm nou konin ti moun piti pa gin aptitud pou konin manjé ki bon pou la santé donk manjé ya vann nan lékol ti moun piti yo siposé byen balansé ak nitrisyon . Manjé ak bwason yap vann apa yo pa siposé gin anpil grès , lét dégrésé , fwi ak legim

LEKOL SEKONDE (LYSE)

Pou ti moun ki lan lékol ségondè yo; tout manjè ké yap vann apa ki nan pwogram manjé lékol la (nan machine, gouté, magazen lékol ya , ak tout lot akitivité pou yo renmasé lajan) pwogram aprè lékol ; tout manjé say yo siposé satisfè règléman ki konsèné zafè nitrisyon ak estanda kantité moun siposé manjé

Bwason

Nou aksèpté dlo pur ak lot dlo ki pa gan lot sik la dann , ji fwi ak légim and lot bwason ki fèt a baz fwi ki gin mwaye ji fwi la dann épi tout ki gin lot sik la dann . Lèt ki genyen aròm ou byen lèt ki pa gin aròm ; ki pa gen anpil grès ak tout lòt bwason ki fèt a baz dé lèt ké USDA apwové .

Nou pa aksepté : Bwason ki gin sik atifisyel. Ji atlèt bwo pou bayo énéji, té sikré; ji tou ki fèt avèk mwens ké 50% ju fwi ladan yo ak tout lot kalité sik atifisyel. Bwason ki genyen kafein la dan yo ak eksepsyon lèt chocolate paské li pas gan anpil kafein la dan li

Nou egzijé pou lékol yo genyen dlo potab pendan tout la jounin pou élèv yo bwè.

Manje/Nouriti:

- **Manje ki van pou kont li (individuelman):**

1. Manjé /Nouriti sa pap kab gin plis ké 35% grès nan kantité kalori ké yo genyen (san konté nwa, gren, manba , 10% nan kalori ki fèt a k lòt kalité gès..
2. Li pap kab gin pi plis ké 35% nan pwo li nan nivo sik ké yo adityone la dan li
3. Li pap gen pas plis pase 230mn sel nan chak posyon pou pomdètèfri, séreyal, ti bonbon salé, pomdètè fri , ou byen ki kwit nan fou ak tout lot ti gouté ki gou nan bouch
4. Li pap gin plis pasé 480 mg sel pou chak posyon pate , vyann ak soup , épi pral gen pa plus pasé 600mg sel pou pizza, sandwich ak tout lot pla prensypal ke yap ofri.
5. Chak jou , èv y oak gen chwa pou yo achté dé fwi nan tout lékol koté yo van manjé. Yap jwen fwi ki fré ak légim tou ou byen ya kapab achté ji ki fèt nè ak fwi ou byen légim; ou byen ki fèt avèk 50% ji fwi ou légim min ki pa gen sik adityonel. Elèv you tou kap achté fwi ki kuit, sec ou byen légim ki nan bwat(si yo satisfè règléman sou grès ak sèl ké yo siposé genyen yo .)

KI KANTITE POU MANJE:

- Min kantité(posyon) manjé ak bwason yo vann endividuelman:
Yon ons ak on ka pou pomdètè fri, biskwit, popkom, séreyal , mélanj nwa, gren,fwi sec
You ons pou bonbon
Dé zons pou séreal, patiseri, pomkèt. Bélyè, bagels ak tout lot atik you vann nan boulanjé
Kat onz liquid désè, tankou crém a la glas si li san grès ou byen sil pa gen anpil grès
Huit ons yogout
Douz ons pou likid san konté dlo and
Kantité ki indiké pou gouté, amuz gèl, tankou pomdètè fri (sèlon lékol la mandel). Fwi ak légim ki fré pa la dan . Èv yo kap manjé plis kékantité yo mété pou limit la.

AKITIVTE POU RANMASSE LAJAN NAN LEKOL YO

Pou sipoté efò kap fèt nan kestion santé timoun ak edikasyon nan domén nitrisyon, lékol yo pap vann manjé nan akitivité ranmasé lajan ou byen si yap van manjé yo Selman ap vann manjé ki répon ak règléman nitrisyon ak posyon sèlon estanda ki établi pou manjé ak bwason ki vann endividuelman yo.

Sinon , lékol yo ap enkourajé aktivité pou spò. Distri ya ap mété on lis idé deyò pou fè moun yo konin ki sa yo kap vann pou yo kab ranmasé lajen

GOUTE/TI GOUTE

Ti gouté ké lékol la bay pendant jounin ou byen aprè lékol lagéou sinon lè ti moun yo rété pou patisipé nan on seri aktivité ap poté on kontribisyon nan santé ti moun y ak fason ké yo manjé paské ya ofri yo fwi ak légim et pi yap bayo dlo pou bwè. Lékol la ap désidé ki lè pou li bay gouté basé sou lè lékol la pral distribyé manjé ou byen si li pansé ke ti moun yo kap grangou selon laj ak lot bagay .Lékol la ap fè pwofèsè yo konin ki sa yo genyen kom gouté et ya voyétout bay paran ti moun ka rété aprè lékol la

- Si li kalifyé lékol ki sèvi gouté nan pwogram ki fèt lè lékol fin lagé, Pwogran national ki okipé bay manjé nan lékol la ap remèt yo lajan yo

REKONPANS

Lékol yo pap sévi ak manjé ni ak bwason , sitou sa ki pas satisfè nom nitrisyon yo pou manjé ak bwason ke you vann (apa) endividuelman , com rekonpans pou bay ti moun ki travay byen nan klas ou byen tou pou ti moun ki pas bay pwoblem ni non plis yo pap sévi ak manje ni ak bwason mim sa ki nan list key o ofri nan lekol you pou pini élèv ki ap bay pwoblem

SELEBRATION

Lékol yo siposé éliminé tout akitivite festiv koté ke yap bay manjé pendant jounin yan . Si yap fè yon fèt, yo siposé sèvi manjé ak bwason ki répon ak règléman yo. Distri ya ap mété sou pyé on lis ki pou pèmèt paran ak pwofèsè achté manjé ak bwason ki bon pou élèv yo si yap fè fèt.

EVENMEN KE LEKOL LA AP PATWONE (TANKOU EVENMEN ATLETIK, DANS OU BYEN PEFOMAN TEATRAL)

Manjé ak bwason ké lékol ap ofri nan evènman ki ap fèt aprè lékol oblijé satisfèestanda nitrisyon pou manjé ak bwason ki embalé separemen

III PWOMOSYON NITRISYON AK AKTIVITE FISIK AK JAN YA VAN MANJE

PWOMOTION AK EDIKASYON SOU ZAFE NITRISYON

Distri Lékol Uniondale vise poul anseyé , ankourajé ak sipoté bon abitud nan manjé élèv li yo. Lékol la dwè ofri élèv yo enseyman sou nitrisyon é sitou engagé yo nan pwomotion nitrisyon ke:

- Yap ofri nan chak nivo klas on pwogram ki pou bay élèv yo on konesans ak mwoyan nécesè pou ya amelyore é protejé santé yo

- Fè pati non sèlman yon class koté ya apran koman pou yo manjé min tou matyè tankou matèmatik , sians ki jan pou yo byen palè. Sians social è tout lot matyè ya bezwen lékol
- Yap gen yen on séri de aktivité koté élèv yo ap amizè yo , paskè yap apran bagay ki korespon ak kilti yo ; yap patisipé nan on seri de aktivité tankou : konkou , gouté, manjé, visité koté yo planté manjé ak jadin nan lékol yo.
- Ankourajé manjé fwi ak legim, pwodui ki fè t ak gren. Ki pa gen apil grés et pwodui lètyé ki preparé nan métód ki améyoré santé a baz de nitrisyon.
- Mété aksans ant kantité kalori on moun siposé manjé ak kantité eneji ké on moun dépanse (an aktivité fizik/egzesis)
- Rapó ki gen yen ant pwogram bay manjé nan lékol yo avèk lot pwogram manjé ki gen nan kominoté a
- Fè edikasyon a travè medya(jounal , radio televizyon) ; mété aksan sou kalité manjé kéyap vann
- Fómé pwofésé yo ak lot anplwoyé yo sou zafé nitrisyon nan manjé.

ENTEGRE AKTIVITE FIZIK SAN SAL DE KLAS YO:

De kwa a se ké élèv yo resevwa kantité egèsis ki rékomandé chak jou(pi piti 60 minit chak jou) é pi pou élèv embwasé on regim regilyè sou aktivité fizik é pou li vin fè pati kompotman pèsonel yo, élèv you bezwen gen okasyon pou yo delasé ko yo en deyò klass édikasyon fizik la.

Enseyman sou la santé nan sal de klas mété ansam ak aktivité fizik ti moun ranfosé konesans ti moun lan é li bal mwoyen pou li jéré lavi li ; konsa lap pèmèt li gin yon vi pli aktif ; lap angajé nan aktivité koté li pa rété chita tout la jounin : tankou kadételevision

Yap inkoporé aktivité sila yo nan lot matyè and

Pwofésé yap bay on ti poz pou ké élèv yo kap délasé ko yo ant lè yo fini avèk yon klasséavan yo komansé avèk yon lot

KOMINIKASYON AVEK PAREN YO:

Distri la/Lékol la ap sipoté éfò paran yo pou yo bay élèv yo manjé ki nitritif é enkourajé yo nan aktivité fizik chak jou. Lékol la ap ofri seminè pou paran yo nan zafé manjé; yap voyé infomatyon lakay sou zafé manjé konsey sou sit internet e ya analyze nitrien ki gen nan manjé lékol la ofri .Lékol la dwé enkourajé paren you yo bay ti moun yo manjé ki bon pou la santé et pou pa bay yo bwason ki pas antré nan estanda nitrisyon ké manjé ak bwason siposé suiv la . Distri Lékol la ap mété on lis manjé ki korèk ak sa lékol mandé pou bay ti moun yo lè ya fè fèt, lè yap bay yo on ti pri ou byen le ya vann manjé pou yo kap

ramasé lajan pou lékol la . Anplis, paran yo ap gin opotinité patajé konasans yo sou zafè manjé avèk lot moun ki nan kominoto a

Distri/Lékol la ap bay infomasyon sou spò ak tout lòt aktivité fizik ké lékol la ap ofri pendan jounen lékol la ou byen aprè. Yo sipoté jefó paran yo paské yo pèmèt ti moun yo patisipé nan spo aprè lékol. Nap poté kolaborasyon nan infomasyon ké nap bay sou spò ak lòt aktivité nan intenet, biletin ké nap mété déyo, bilten nouvel nap voyé lakay , nan champyona kénap oganyzè ak enseyman nou konté bay ti moun yo sou zafè spó

KALITE MANJE YAP VAN NAN LEKOL

Manjé kap vann nan lékol yo ap konséken ak vale édikasyon ak pwomosyon ké lékol la ap fè sou kozè la santé. Pou sa lékol la ap van sèlman manjé ak bwason ki rempli règléman sou zafè nitrisyon nan manjé lki vann apa . Yo empèché lékol la van manjé ki ba an nitrisyon. Selman manjé ki bon pou la santé tankou fwi , légim, gren e pwooui ki fèt a k lèt , ki pa gin anpil grès ap kap van nan lékol

Teknik ké lékol la ap emplwoyé pou vann manjé : logos et nóm compayi you ap sou machine ki vann manjé yo; ya mim mét é yo sou kouvèti liv,materyel ti moun yo sèvi nan lékol , tablo , ak ékipmen élèv you sèvi pou you fè spó. Yap kréyé on pwogram ki ap bay lékol la manjé ak lòt matéryel pou lékol la è paran acheté manjé ki ba an nitrisyon; lékol la gin chanel television pal li : Chanel 1 ; manjé gratis , ou byen koupons and yo bay manjé pou vann pou you ramasé lajan pou lékol la. Tou lot aktivité ki ap voyé monté bon kompotman sou la santé ya aksèpté : tankou machine kap vann dlo a pri rézonab, gouté ak fwi pou pèmèt ranmasé lajan ; kupon ki bay diskont pou moun ki pral nan gymnastic

BYENNET EMPLOYE

Distri Uniondale gin anpil konsidérasyon pou byennet ak la santé emplwoyé yo é li gin tou intansyon mété sou pyé tout on séri de aktivité konsènam règléman sou byennet , pou enkourajé memb lékol la pou yo rété an santé. Chak lékol nan distri ya ap fomé on komité ki ap geneyn : dé mem lékol la , yon memb konsey la , yon réprézantan lopital , yon nitrisyonist ,lot pwofesyonel sou zafè santé, yon rèprézantan sou pwogram ki okipé zafè rèkreatyon, yo mem syndika ak yon specialis sou zafè bénéfis emplwoyé. (Komité sou zafé byennet amplwoyé yo ap on sou-komité nan konsey santé lékol la)Komité yap devlopé, voyé monté épi tou lap réponsab on plan ak plizyè etap pou li byennett ak santé emplwoyé . Se pou plan sa bazé sou rékomandasyon moun yo bay pou ankourajé nitrisyon , aktivité fizik épi tout lot fason ki gen yen pou emplwoyé rété en bón santé. Chak ané, konsey sou la santé lékol la ap fé pasé plan pou benneyt emplwoyé lékol lo.

IV OPOTINITE NAN AKTIVITE FIZIK AK EDIKASYON FIZIK

SPO CHAK JOU POU TOUT TI MOUN DEPI NAN JADIN DENFAN JISKA FILOSOFY

Tout élèv lékol dépi jadi n denfan jiska filozofi ,mim ti moun ki handikapé, ki bészwen swen spésyal ak ti moun ki pa nan lékol tradisyonel , ap fè spó pendan ané skolè ya. Pwofósè yo ap lisensyé . Elèv yo ap

patisipé nan on seri dé aktivité fizik (tankou champyona) min aktivité sa yo pap ramplasé spó nan lékol. Mwatyé tan ké ti moun yo pasé nan klas spó , yap pasé li ap fè egzèsis ki di ak lot ki pa tró di

REKREAYON JOURNALIE

Tout lékol prime ap gin yen o mwen 20 minit rékreasyon sivéyé chak jou koté ti moun yo pral déyó. Pendan rékreasyon lékol yo dwé pwofité fè ti moun yo fé y on séri egzèsis nan lakou avèk ékipmen pou spó

Sé pou lékol ya pa kité élèv yo rété lontan san boujé(2 zètan ou plis). Nan period egzamin koté ti moun yo siposé rété en dedan klas pendant lontan, lékol la dwé bay yo on ti tan pou yo dètirè ko yo, fè y o kampè ou byen fè on ti machè.

OKASYON POU YO FE SPO AVAN OU BYEN APRE LEKOL

Tout lékol primè , sécondè ap ofri aktivité aprè lèkol koté élèv yo ap gin chans patisipè nan klìb ak champyona. Tout élèv sècondè ap ofri bous pou ti moun ki fé spó. Lékol yo ap gin tout yon varyeté de aktivité spòtif pou tout gwoup , kapasité fizik , pou ti fi tankou pou ti gason, ti moun ki handikapé ak ti moun ki mandé swyen patikilyè

Gadri ak pwogram ki pou édé ti moun yo grandi ap bay tout ti moun kap patisipé nan pwogram la

Konsej, yap engajé yo nan on seri dé aktivité fizik chak jou dé tanzantan.

RELATYON ANT AKTIVITE FIZIK AK PINITION

Okin pwofèsè lékol ni okin lot moun kap travay nan kominoté lékol yo gin dwo fè élèv you kouri ni fè lot egzèsis ou byen empèchè yo fè egzèsis (kouri) pendant rékreasyon kóm pinisyon

CHEMIN LEKOL YO DWE BYEN ASFALTE

Dristi lékol yo dwéevalyé chimin ti moun ya pa maché pou yo vin lékol ; sil mim posib yo dwé chaché fè amelyorasyon pou rend li plis en sékirité ak pli fasil pou élèv yo mashé ak roulé bisiklèt yo lè yap vin lékol. Ya kapab min kolaboré avèk govenmen local yo , employétravo piblik , ak la polis nan zon lan pou enkourajé jefó sa yo. Yo kapab tou chaché jwen lajan sou fóm don nan mim departmen transpotasyon pou frè (depend) say o. Lèkol la kab ankourajé élèv yo pou yo pran transpotasyon piblik otan ké posib pou yo vin lékol ak pou yo alé lakay yo . Epi tou yap mandé ajans responsab yo pou yo bay ti moun yo on fiche/pas pou yo pa payé pou transpotasyon piblik

ISAJ LOKAL LEKOL YO APRE LE LEKOL LAGE

Lokal lékol la siposé rete disponib pou élèv yo , moun ka travay nan lékol yo , memb kominotè yo avan lè lékol komansé, pendant lékol la ap funktyoné epi tou aprè lékol lagé . nan fen semen , pandan vakans. Ajans kominoté ak lot oganizasyon ki ofri aktivité fizik ak pwogram nitrityon dwé jwen lokal lékol yo lè yo bezwen yo. Règléman lékol yo konsènan sékirité lèkol la ap apliké tout tan.

V. SIVEYANS AK KONTWOL NA N REGLEMAN YO

Sipèentendan oswa repwezantanl ap asirékonfomité (kom sa dwa) nan pwogram nitrisyon ak aktivité fizik ansam ak règlémen byennet yo.Nan chak lékol,direktè lou byen reprezentanl ap fè dé kwa kè tout règléman sa yo maché avek règléman sipèentendant ak réprezantan yo. Konsey santé ak byennet va chwazi moun pou identifiyé don disponib pou zafè la santé ak byennet.

Moun kap bay manjé nan lékol yap asiré kè tout manjè yo va alé an konkodans ak politik nitryision en dédan lékol la é yap rapoté dirèktémen bay direktè lèkol la ou byen sipèentendan distri ya ,Anplis distri lèkol va fè yon rapo sou démach dèpatmen agrikilti pay icite , ya rapoté bagay ké yo chanjé é rezilta chanjman yo. Léko yo siposé résévwa dokimen yo dépi sink dènyé ane ki sot pasé yo, si toutfwá li poko résévwa yo li fèt pou rélé ajans la é planifiyé révizyon pa yo lépli vit ké posib.

Sipèentdendan oswa réprezantan li ya va ékri on rapo chak twa zan pou yo fè konin ki jan tout lékol nan distri konfom ak règlémen sou nitrisyon , aktivité fizik (spo) and byennet . Rapo sil va bazé sou infomasyon diféren lékol va bay yo. Yap va distribyé rapó nan biro Komisyon konsey lékol la, konsey sou zafè santé nan lékol la, oganizatyon pou kolaboration pwofésè ak paren, direktè ak tout lot moun ki nan sévis santé nan distri ya.

REVIZYON SOU REGLEMAN YO

Pou édé nouvo pwojè dèvelopman distri ya sou zafè byennet, chak lékol nan distri ya va fè yon evalyasyon débaz sou pwogram ki égzisté nan lékol you sou zafè manjé ak aktivité fizik (spo) . Rezilta yo va fè konin si lékol yo konfóm ak règléman distri ya é sa ap kap édé distri ya idantifiyé bezwen chak lékol komansé pa sak ki pi impotan.

Chak two zan , yo va répété évalyasyon say pou édé kimbépwogram lan odyapazon. Ya va évalyé pwogrè , detè mine domèn ki bezwen amélyorasyon. Kóm yon pati évalyasyon sa , lékol yo va egzaminé pwogram nitrityon ak aktivité spó , si yo gin yon anviwonman ki enkourajé bon abitud nan sa élèv yo manjé ak aktivité fè spó ; Distri ya ak tout lèkol ki gin ladan yo , si nésésè ap revise règléman byennet é yap dévlopé yon plan travay pou fasilité egzékisyon yo .